

SIJÈ: Mizajou Boston Public Schools sou Pwosesis Admisyon Egzamen yo

Chè Fanmi yo,

Mèsi pou pasyans nou pandan tout pwosesis admisyon pou lekòl egzamen Boston yo ane sa. Tribinal la te rann yon desizyon jodi a nan pwosesis admisyon lekòl egzamen ki sinyifi ke Boston Public Schools (BPS) kapab swiv kounyè a [Politik admisyon pou yon ti tan nan Lekòl Egzamen yo jan sa adopte pa Komite Lekòl Boston nan nan mwa Oktòb 2020](#). Politik yon ane sa te elabore an repons ak pandemi COVID-19 global la e ak defì pou administre antre egzamen an pandan yon kriz sante piblik.

Nou nan pwosesis pou finalize envitasyon lekòl egzamen yo epi ap travay avèk patnè endepandan ekstèn nou an pou asire ke kalkil final nou yo egzakt. Envitasyon ak twa lekòl egzamen yo pral voye vya imel ak pa lapòs regilye disi fen mwa Avril la yon fwa travay sa fini.

Nou rete angaje pou kominike dirèkteman avèk ou pandan tout pwosesis sa, epi nou pral kontinye fè mizajou disponib sou sitwèb BPS la. Vizit www.bostonpublicschools.org/exam pou plis enfòmasyon. Ou kapab kontakte tou Maria Vieira, Espesyalis Devwa pou Lekòl Egzamen yo 617-635-9512 oubyen exam@bostonpublicschools.org avèk nenpòt kesyon.

Sensèman,

Sèvis Byenvini BPS